



CHEMEN RENMEN AN

*Sa n dwe fè pou Bondye
mele nan tout sa n ap fè*

KI SA CHEMEN RENMEN AN YE?

Chemen Renmen an se yon mòd vi. Chemen renmen an plis pase yon pogram regilye oubyen yon pogram eskolè, se yon fason pou nou retounen nan abitid lontan epi nan règleman lavi moun k ap suiv Jezikri yo te konn obsève pandan kèk syèk. Yo te konn sa sa vle di pou moun kwè nan angajman yo pran pou yo respekte kèk machasuiv. – Tounen, Aprann, Priye, Adore, Ale, Repoze – epi pouvwa nou jwenn lè nou rasanble an ti gwoup kote moun kab jwenn renmen ak sipò pou l kontinye viv selon angajman sa yo. Si nou espere pou nou pa senp moun k ap adore Jezi men moun ki vle vin plis tankou li epi pou nou pote renmen redanmsyon li an nan lemonn, nou kapab adopte yon règ pou nou viv tankou règ Chemen Renmen an epi nou kab jwenn yon kominate pou nou pratike li.

KI SA YON RÈGLEMAN LAVI YE? KOUMAN MWEN KAB KÒMANSE?

Règ lavi a se angajman moun pran pou yo respekte yon seri règleman ki kab gide yo, ki kab mete yon rit nan vi yo, e ki kab ba yo enspirasyon pou yo viv yon bél vi, yon vi ki gen yon sans epi yon vi ki sen. Lè nou viv kon sa chak jou epi nou met ansanm ak konpayon ki kwè nan angajman sa yo, deplizanpli nou vin mwen egois, nou vin gen anpil esperyans gras ak Chemen Renmen Jezikri te kouvri tout lemonn ladann nan.

ANN ESPLORE EPI ANN VIV PRATIK SA YO

Pran san ou pou w esplore abitid viv yon vi kote Jezikri se poto mitan nan lavi w. Reflechi sou pawòl ki soti nan levanjil la ak pawòl ki soti nan Liv priyè abityèl yo, priye sou abitid sa a, reflechi epi gade kote Bondye ap fè apèl a ou, epi note “Tèm ankourajman” ki nan fen an si w ta vle aprann pi plis. Epi pa bliye : pèsonn pa suiv Jezi pou kont li. Fason ideyal pou yon moun viv Chemen Renmen an se nan yon kominate ki gen renmen ladan ni, kote ki gen ankourajman epi yo kote moun kenbe mo yo.

CHEMEN RENMEN AN

KASE TÈT TOUNEN: Fè yon kanpo, epi deside suiv Jezi

Antan Jezi tap pase ko sa, li wè Levi pitit Alfe a, chita nan biwo kontribisyon an. Jezi di li:-Suiw mwen. Levi annik leve, li suiv Jezi. – Mak 2:14

“Èske ou konn al kot Jezikri...?” – Liv priyè abityèl yo, 302

Menm jan ak disip li yo, Jezikri rele nou pou nou suiv Chemen Renmen an. Gras ak Bondye, ou kab vire do bay pouvwa peche, kè rayisab, laperèz, enjistis, ak espri dominasyon pou nou ale nan chemen laverite, renmen, espwa, jistis ak libète. Lè nou vire do nou, nou reyoryante lavi nou sou Jezikri, nou tonbe renmen, epi renmen san rete.

Pou refleksyon ak disèneman

- Ki abitid ki kab ede w al jwenn Jezikri ak Chemen Renmen an tout tan?
- Kouman oubyen èske ou enkòpore Pratik sa yo nan rit lavi wou?
- Kilès k ap akonpaye w pandan w ap tounen vin jwenn Jezikri?

APRANN: Reflechi sou levanjil chak jou, espesyalman sou lavi Jezi ak sa I montre nou

“Sila yo ki renmen m yo va respekte pawòl muwen, epi Papa m va renmen yo, epi mwen menm avè l, n a vin abite ak yo.” – Jan 14:23

Pèmèt nou tande [Levanjil la], li pasaj yo, aprann pawòl la, epi dijere pawòl yo anndan nou.
– Liv priyè abityèl yo, 236

Lè n li epi lè n reflechi sou levanjil la, sitou sou lavi Jezi ak sa li montre nou, nou vin pi pre Bondye epi pawòl Bondye a abite anndan nou. Lè nou ouvè lespri nou bay levanjil la, nou aprann wè jan pawòl Bondye, jan aktivite li yo manifeste nan lavi a chak jou.

Pou refleksyon ak disèneman

- Pou wou nan ki fason reflechi sou levanjil fè w santi w pi ap viv?
- Ki lè ou va (oswa èske ou) fè lè pou w li epi reflechi sou levanjil la pandan jounen ou?
- Ak kilès ou ap pran angajman pou w li epi pou w reflechi sou levanjil la?

PRIYE: Pran abitid priye Bondye chak jou

Li tap priye yon kote, epi lè li fini, youn nan disip li yo di l, "Montre nou priye, jan Jan te montre disip li yo." – Lik 11:1

"Senyè tandé priyè nou an." - Liv priyè abityèl yo

Jezi montre nou pou nou vin devan Bondye ak yon kè senp, kote n ap prezante ofrann nou yo epi enkyetid nou yo oubyen pou nou annik tandé vwa Bondye nan lavi nou epi nan lemonn. Kit se nan lide nou, nan pawòl nou, oubyen nan aksyon nou, swa pou kont nou swa an gwooup, lè n priye nou envite Bondye epi nou kontan prezans renmen li an.

Pou refleksyon ak disèneman

- Nan ki sant pratik lapriyè entansyonèl ou ye nan prezans Bondye pou w kapab tandé, pou w kapab pale, oubyen pou w annik abite ak Bondye?
- Ki lè ou va (oswa èske ou) fè lè pou w li epi reflechi sou levanjil la pandan jounen ou?
- Ak kilès ou ap pran angajman pou w li epi pou w reflechi sou levanjil la?

ADORASYON: Rasanble chak semèn pou n di Bondye mèsi, fè Iwanj pou li epi panse a li

Li chita bò tab la ak yo. Li pran pen, li beni pen an, li kase l, epi li ba yo pen an. Je yo louvri, yo rekonèt li. – Lik 24:30-31

Dirijan an: Ann ofri Bondye kè nou.

Fidèl yo: N ap ofri kè nou bay Bondye.

– Liv priyè abityèl yo, 361

Lè n ap adore Bondye, nou rasanble youn ak lòt devan Bondye. Nou tandé bon nouvèl Jezikri a, ann di mèsi, ann konfese, ann ofri problèm lavi a bay Bondye. Lè n ap kase pen an, je nou louvri sou Jezi ki pami nou. Gras ak pouvwa Lesprisen an, nou fè yon sèl kò, kò Jezikri Bondye te voye desann sou latè pou li viv Chemen Renmen an.

Pou refleksyon ak disèneman

- Ki pratik adorasyon an komen ki ankouraje w pou w al rankontre Bondye epi pou w kole kò wou sou kò Kris la?
- Kouman (oubyen èske) ou pran angajman pou w adore regilyèman?
- Ak kilès w ap pran angajman adorasyon an semèn sa a?

BENI: Pataje lafwa nou, bay ak men laj epi sèvi Bondye

“Nou resevwa gratis, nou fêt pou n bay gratis.” – Matye 10:8

Dirijan: Èske ou ap pwoklame bon nouvèl; Bondye a nan Jezikri pa pawòl e pa aksyon?

Fidèl yo: N ap fè sa, grasadye. – Liv priyè abityèl, 305

Jezi rele disip li yo pou yo pataje sa yo genyen, pou yo padone, pou yo anseye, epi pou yo geri moun nan non li. Lesprisen an ba nou pouvwa pou nou beni tout moun nou rankontre, epi pou nou gen men laj epi pou nou gen konpasyon epi pou nou poklame bon nouvèl Bondye a nan Jezikri ak pawòl espwa epi ak aksyon ki mete lòt moun anvan. Nou kapab pataje temwayaj benediksyon nou jwenn epi envite lòt moun pou yo vin nan Chemen Renmen an.

Pou refleksyon ak disèneman

- Nan ki fason Lesprisen an rele ou pou w beni lòt moun?
- Kouman (oubyen èske) beni lòt moun—gras ak jan ou pataje sa w genyen, lafwa wou ak temwayaj ou—sa vin antre nan lavi ou chak jou?
- Kilès ki ap pran angajman ak ou pou nou pratike beni lòt moun?

ALE: Travèse fontyè, tandé ak anpil atansyon, epi viv tankou Jezi

Jezi di yo, “Lapè avèk nou. Menm jan Papa a voye mwen an se kon sa mwen voye nou tou.” – Jan 20:21

Voye yo al nan lemonn pou yo sèvi w temwen pou renmen ou an. – Liv priyè abityèl la, 306

Tankou Jezi ki tap mache nan tout wout, li voye nou al pi lwen katye nou pou nou temwaye renmen, jistis, ak laverite Bondye a ak pawòl nou epi ak lavi nou. Nou ale pou nou tandé pawòl la ak imilite epi pou nou fè youn ak Bondye nan geri latè k ap soufri. Nou ale pou nou vin yon kominate tout moun renmen, yon pèp ki rekonsilye nan renmen ak Bondye epi ki rekonsilye youn ak lòt.

Pou refleksyon ak disèneman

- Nan ki nouvo kote oubyen kominate Lespri Bondye a ap voye w pou w al temwaye renmen Bondye a, jistis li a, ak laverite li a?
- Kouman w ap rive pran angajman nan lavi w pou janbe tout baryè, pou w koute byen koute, epi pou w pran pa nan geri epi nan rekonsilye sa ki pa bon sou tè a?
- Ak kilès w ap pataje angajman pou w ale toupatou al rekonsilye moun, al geri moun?

FÈ ON POZE: Resevwa gras Bondye, lapè Bondye, ak rekonsilyasyon li kòm kado

M kite nou an pè; m ban nou lapè. Mwen pap fè sa pou nou jan sa fèt d'apre prensip ki nan lemonn. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè. – Jan 14:27

Benediksyon pou wou Bondye...wou ki bay sa ki fatige repo, wou ki renouvle fòs sa ki depafini yo. – Liv priyè abityèl yo, 113

Depi nan kòmansman lakreyasyon, Bondye te etabli rezo sakre ale vini sa a, pou n travay epi pou n repoze. Jodi a sitou, Bondye ap envite nou pran tan pou nou reprann nou – reprann kò nou, reprann tèt nou, lespri nou, epi nan kominate nou yo ak enstitisyon nou yo. Lè n repoze lespri nou, nou mete konfyans nou nan Bondye, ki aktè prensipal ki fè tout bagay rive kote yo dwe rive.

Pou refleksyon ak disèneman

- Ki abitid ki fè kò nou, lespri nou, ak nanm nou refè?
- Kouman w pral pran repo epi renouvle lespri w regilyèman?
- Ak kilès w ap pran angajman pou w gen abitid pran repo regilyèman?

Kèk Tèm ki kab ede nou konprann prensip Chemen Renmen an

Mouvman Jezi a

Kominote k ap viv ak Jezi nan lavi yo e ki ap suiv li nan renmen, nan libere lòt, epi etabli yon relasyon ak Bondye ki bay lavi, epi yon relasyon ak lòt moun epi ak latè a.
www.episcopalchurch.org/jesusmovement

Règleman lavi a (Soti nan Kominote Sen Jan Levanjelis rive nan Sant Seminè Teyoloji Vijini a pou Ministè ak Ansèyman)

- Tèm “Règleman Lavi a” soti nan mo laten regula se yon bagay ki sijere yon fason pou nou regularize vi nou pou nou rete nan yon chemen nou chwazi. Yon “Règleman Lavi” se pa yon ekip règleman pou sèvi nou pou nou kab viv, men se yon fason pou gide nou epi sipòte nou nan chemen nou.
- Yon “Règleman Lavi a” pèmèt nou viv gras ak entansyon nou epi ak bi nou nan moman Jodi a. Li ede nou konn sa ki pi enpòtan pou nou byen klè tankou relasyon nou ak lòt, epi rèv nou yo ak travay nou yo.
- Yon “Règleman lavi a” se yon bagay ki dwe senp, reyalis, fleksib, epi reyalizab. Se yon zouti ki fèt toutespre pou ede nou rive grandi nan yon vi ki gen plis rapò ak Bondye.

Liv priyè abityèl yo

Liv litiji yo (sèvis adorasyon) priyè, devosyon, ak resous pou ansèyman Episkopalyen yo itilize a nan devosyon endividydèl epi nan lavi an gwooup. Se premye liv priyè ann Angle yo te pibliye an 1549; liv Legliz Episkopal la gen kounye a yo te revize li an 1979.
www.episcopalchurch.org/book-common-prayer

Kominote Tout Moun Renmen an

Se yon kominote ki kwè nan yon rèv kote tout moun gen diyite ak lavi ann abondans, kote moun wè tèt yo ak lòt moun etan ptit Bondye renmen epi yon kote byennèt lòt moun se sa chak moun ap chache (Clarence Skinner). Se nan kò a nou rive devlope yon renmen pou Bondye, pou vwazen nou yo, kote nou rive renmen tèt nou epi renmen lanati tou. Sa a se yon pawòl Maten Litè King te konn di souvan.
www.episcopalchurch.org/beloved-community